



Heart Institute

Dat:

Chè Paran oswa Gadyen

Arè Kadyak Sibit (Sudden Cardiac Arrest, SCA) rive lè kè a sanzatann gen yon move fonksyònman elektrik, ki abouti nan yon batman kè iregilye. Itilizasyon elektwokadyogram pedyatrik (Electrocardiogram, EKG) enpòtan anpil pou ede fè dyagnostik defo nan kè ki san sentòm, ki ka pa parèt aklè otreman. SCA kapab premye siy yon maladi kè, epi plis pase mwatye nan timoun yo pa gen okenn sentòm ditou anvan arè kadyak la.

Nicklaus Children's Hospital te kreye yon inisyativ pou sove lavi timoun yo grasa pwogram depistaj EKG gratis li a, ki gen kòm objektif kreye yon sansibilizasyon sou enpòtans depistaj pwoblèm kè kay timoun yo dekwa pou idantifye timoun ki riske gen arè kadyak sibit (SCA).

**Lekòl timoun ou an** mete ansanm ak Nicklaus Children's Hospital pou ofri depistaj EKG GRATIS pou elèv li yo.

Deteksyon volontè pwoblèm kè sa yo pral dewoule fasilman nan:

**Lekòl li pandan lè lekòl yo**

Yo mande tout tifi k ap patisipe nan depistaj la pou yo mete yon soutyen espò oswa yon kamizòl nan jou sa.

Si w enterese fè timoun ou an patisipe nan depistaj la, tanpri eskane kòd QR a epi ranpli fòm konsantman. **Enskripsyon an fèmen de jou anvan evènman an.**



Sensèman,

Nicklaus Children's Hospital Heart Institute  
Pwogram Prevansyon Lanmò Kadyak Sibit